



### Rekritman nouvo pwofesè nou yo

Chè Nouyòkè,

Jodi a, nou fini [Semèn Dekouvèt Karyè](#) (Career Discovery Week) a avèk plis pase 3,000 elèv lekòl segondè ki vizite plizyè douzèn anplwayè pou aprann plis sou mond travay la. Lendi, ansanm ak ko-òganizatè nou yo nan Partnership for New York City, mwen te pale avèk elèv ki soti nan Aviation High School ak MESA Charter High School, ki te vizite yon avyon JetBlue nan ayewopò JFK—epi mwen te rankontre ansyen elèv lekòl aviasyon an k ap travay kounye a nan JetBlue!

Pandan patwon atravè vil la konekte avèk elèv NYCPS ki gen talan nou yo, ta sanble se pi bon moman pou m fè rekritman bò kote pa mwen. Mwen kontan anonse ke [nouvo aplikasyon pou pwofesè](#) nou an pou ane lekòl 2024–25 la disponib kounye a, li disponib pou nenpòt moun ki gen sètifika pwofesè Eta Nouyòk kounye a oswa ki nan pwosesis pou l resevwa sètifika a nan mwa septanm lan. (Pou elèv nou yo ki nan lekòl segondè kounye a, espesyalman sa ki nan [pakou edikasyon FutureReadyNYC](#) nou an, tanpri toujou panse avèk nou pandan pwochen ane yo!)

Men kòman ou ka ede nou simaye nouvèl la sou opòtinite sa a:

- [Refere](#) yon pwofesè ki sètifye nan Eta Nouyòk (ak pwofesè ki nan pwosesis pou l resevwa sètifika li, pataje [afich](#) sa a epi [lyen pou enskri](#) sa a pou ka aprann plis sou pwosesis pou jwenn sètifika)
- Mete [imaj](#) ak [afich](#) sa a sou medya sosyal ou a
- Suiv ekip rekritman pwofesè nou an sou [Instagram](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#)

Aplikasyon yo dwe ale sou [sitwèb](#) nou an pou wè yon seri resous itil, tankou yon, [gid pou aplikasyon](#), [sesyon enfòmasyon](#), ak [sant sipò sou entènèt nou an](#). Anplis sa, yo ka aprann plis sou salè 1,000 dola [angajman bonè](#), nou an ki disponib pou aplikasyon ki sètifye nan domèn kle (tankou matematik, syans, edikasyon bileng, edikasyon espesyal, karyè ak edikasyon teknik, ak plis ankò) ki aksepte yon pozisyon nan yon distri espesifik pou pita jen 15.

N ap kontan akeyi nouvo pwofesè nou yo nan kominote NYCPS la—yon kominote ki gen plis pase 75,000 bon edikatè. Kidonk, m ap mande w pou w pran yon ti moman epi reflechi. Èske w konnen nenpòt pwofesè ki gen eksperyans oswa ki nan pwosesis pou vin yon pwofesè? Èske yo pasyone ak angaje? Èske yo ka gen yon enpak nan salklas nou yo?

Si wi, tanpri pataje mesaj sa a. N ap prepare bon demaraj ak avni solid nan NYCPS—epi n ap anboche!

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

## Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn "CC". Klike sou ikòn "Setting" epi chwazi "Subtitles/CC" ("soutit/CC"). Seleksyone "Auto Translate" ("Tradiksyon otomatik") epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).